



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN KA KE OU TE RATE LI: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOTÒKÒL MASK AN VIGÈ KOUNYE A, GEN NOUVO RESOUS FAQ KI DISPONIB

Mask yo obligatwa kounye a nan tout espas piblik ki fèmèn yo amwenske biznis yo oswa sit yo aplike yon egzijans pou vaksen

Gade Kesyon Moun Poze Souvan yo konsènan nouvo egzijans yo [isit la](#)

Gade afich pou mask ak vaksen ki disponib pou biznis yo [isit la](#) ak [isit la](#)

Li detèminasyon Komisè Sante a [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke pwotokòl mask pou tout espas piblik ki fèmèn [yo te anonse vandredi a](#) anvigè kounye a, ansanm ak yon nouvo [resous Kesyon yo Poze Souvan \(Frequently Asked Questions, FAQ\)](#) pou pwopriyetè biznis yo ak piblik la an jeneral.

Mask yo obligatwa kounye a pou yo mete nan tout espas piblik ki fèmèn yo amwenske biznis yo oswa sit yo aplike yon egzijans pou vaksen Jan sa endike nan [paj wèb Kesyon yo Poze Souvan](#), yon plas piblik ki fi fèmèn defini kòm nenpòt espas enteryè ki pa yon rezidans prive -- biznis ak lokal Nouyòkè yo frekante ki pou leta oswa ki posede pa biznis prive. Antite sa yo gen ladann sit lwazi ki fèmèn yo, sal konsè, estad espòtif ki fèmèn, espas lwazi, restoran yo, batiman biwo, sant komèsyal yo, makèt yo, famasi yo, tanp adorasyon yo ak zòn kòmen nan batiman rezidansyèl yo. Afich ki ankouraje moun yo mete mask epi pran vaksen yo disponib pou biznis yo itilize [isit la](#) ak [isit la](#).

"Antanke Gouvènè, pi gwo priyorite mwen se pwoteje sante Nouyòkè yo ak sante ekonomi nou an, epi mezi tanporè sa yo pral ede nou pase sezon fèt la san danje", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen pataje fristrasyon tout moun ke nou rive nan pwen sa a, espesyalman ak vaksen an ki a dispozisyon nou. Mwen vle remèsye plizyè milyon Nouyòkè ki te fè sa ki kòrèk pou yo vaksinen konplètman. Nou tout nan menm bato a epi si lòt yo swiv menm bagay la, mezi sa yo p ap nesesè ankò".

Se yon gwo aksyon pou rezoud pwoblèm vag ak enkyetid ivènal yo sou rasanbleman jou ferye k ap vini yo pandan [ka ak ospitalizasyon pou COVID-19 yo ap ogmante nan tout Eta a](#) pou kapab aliye avèk [rekòmandasyon CDC](#) yo pou kominote yo ki gen

transmisyon konsiderab ak wo. Komisè Sante Eta a te pibliye [yon detèminasyon](#) ki solidifye egzijans lan.

Mezi sa a anvigè jiska 15 janvye 2022, apre sa Eta a pral re-evalye selon kondisyon aktyèl yo, epi pote plis kouch rediksyon pandan sezon fèt la kote moun yo pase plis tan anndan sant komèsyal, rasanble ak vizite destinasyon ki gen tèm fèt.

Komisè Sante pa Enterim nan Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Pran mezi sa a kounye a enpòtan pou ralanti vag ivènal COVID-19 la pandan jou ferye yo. Nou chak ka kontribiye: pran vaksen an, pran dòz siplemantè a si ou te deja vaksinen epi mete yon mask. Nou ankouraje piblik la pou sipòte nouvo egzijans sa yo nan plas piblik ki fèmen yo nan kolabore ak sit yo. Nou bezwen tout moun jwe wòl pa yo pou nou travèse sa ansanm."

Pou jwenn enfòmasyon sou fason biznis ak lokal yo ka aplike yon prèv egzijans vaksinasyon oswa yon egzijans pou mete mask, gade Kesyon yo Poze Souvan yo [isit la](#).

Vaksen COVID-19 ak [dòz siplemantè](#) yo gratis epi disponib nan tout eta a. Nouyòkè yo kapab vizite [vaccines.gov](#), voye kòd postal yo atravè mesaj tèks bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo. Pou pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, Nouyòkè yo ka vizite [paj Èske Mwen Elijib \(Am I Eligible\) la](#). Nouyòkè yo ka kontakte tou founisè swen sante yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo oswa famasi yo.

Nouyòkè ki elijib yo kapab rekipere Kat Excelsior Pass oswa Excelsior Plus yo a [isit la](#) Biznis ak sit yo kapab telechaje [aplikasyon Excelsior Pass Scanner](#)—gratis pou nenpòt biznis nan monn lan epi disponib nan plis pase dis lang—[isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)